Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 30 (7326)
19 июль 2018 сон
Хамиз
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

Терроризм

## Комиссиялъул хIалтIи лъикIаблъун рикIкIана



Дагъистан Республикаялъул ва гьелъул миллияб терроризмалде данде чIараб комитеталъул Комиссиязул МугIрул Территориалияб округалда терроризмалде данде къеркьеялъул бугеб хIалалъе къимат кьураб данделъи букIана гьал къоязда районалъул администрациялда. Гьенир гIахьаллъана Дагъистаналъул БетIерасул кумекчи С. Сайпов, РДялъул МугIрул территориалияб округалъул АТКялъул аппараталъул вакилзаби, гьединго МРГялъул аппараталъул х1алт1ухъабиги.

Гьенибго гIенеккана «Унсоколо район» МОялъул АТКялъул председатель ГI. НурмухIамадовасул бетIерлъиялда комиссиялъ районалда гьабураб хIалтIул х1акъалъулъ информациялъухъ. Хал гьабуна «Унсоколо район» МОялъул АТКялъ терроризм лъугIиялъе гьабураб хIалтIулги.

АТКялъул хIалтIуе бугеб Комплекснияб план гIумроялде бахъинабиялъе 2018 соналъул тIоцебесеб бащдаб лъагIалида ихтияр цIунулел органазгун цадахъ гIемераб хIалтIи гьабун буго районалда. Гьелъул хIасил ккола гьабсагIаталда районалда гIодобе биччараб ахIвал-хIал букIин, гIезегIанго лъикIлъана Генуб, Балахьуни, ХарачIи гIадал ахIвал-хIал хIалуцун букIарал росабазул хIалги,-ян бихьизабуна бетIерас гьенив кIалъалаго.

ГI. НурмухIамадовас кIудияб баркала загьир гьабуна экстремизмалде, терроризмалде данде гьабулеб хIалтIулъ хIаракат бихьизабурал ихтияр цIунулел органазул хIалтIухъабазе, цогидалги гьеб хIалтIулъ бутIа лъуразе.

РДялъул бетIерасул кумекчи С. Сайповас ва МРГ НАКалъул нухмалъулез районалда терроризмалде данде гьабураб хIалтIуе кьуна гьоркьохъеб къимат. Бихьизабуна Унсоколо районалъул ракьалда гIодобе биччараб ахIвал-хIал букIиналъе Комиссиялъ хIасил кьолеб хIалтIи гьабунилан.

Данделъиялъул ахиралда районалда гIаммаб хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул рахъалъ бетIерасул зам. М. ХIамзатовасе, гьеб ишалда хурхарал специалистазе гьабуна методикияб кумек.

Гьенибго МугIрул Территориалияб округалъул АТКязул хIалтIухъабазе гьабуна семинар, лъазаруна терроризмалде данде гьабулеб хIалтIулъ кIвар буссинабизе кколел рахъал.

## Щивас тIадал ишал тIуразе ккола



Анкьил планировкаялда Дагъистаналъул БетIерасул ишал тIуралев В. Васильевас лъазабуна регионалъул чIахIиял автозаправочниял станциязул нухмалъулел гара-чIвариялъе ахIизе ругин. Гьес бихьизабуна автозаправочнияб бизнесалъул нухмалъулезда «рагIдукьа къватIире рачIаян» лъазабизе кколин. «Гьездаса тIалаб гьабизе ккола гIадамазе качество бугеб бензин бичи ва налогал кьей»,- абун бихьизабуна гьес данделъиялда.

«Нилъ гьезда рагIулел гьечIо. МВДялъ хал гьабуна: цо гьитIинабго группаялда батун буго 500 млн. гъурущ хайир, 70 млн. кьун гьечIо налогал. Республикаялда схема гьабизе буго налогал рачIинариялъе, коррупциягун къеркьеялъе».

Хадубги БетIерас бихьизабуна: Жанир лъолезул къадар хIажат гьечIин, щивас тIадал ишал тIурай тIалаб гьабизе бугин.

Спорт

## ЦеретIурал спортсменазулгун дандчIвай

Гьал къоязда «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул кабинеталда букIана районалъул церетIурал спортсменазулгун нухмалъиялъул дандчIвай. Гьединаб дандчIваялъе гIилла букIана нилъер ракьцоял Нуцалханов ГIабдула ГIабдулмажидович ва ГIабдулмуслимов МухIамадярагьи ХIасанович Россиялъул волейболалъул командаялда Европаялъул чемпионаталда гIахьаллъизе рачунел рукIин. Бихьизабизе бокьун буго 2017 соналда гьел студентазул командабазда гьоркьор волейбол хIаялъул кьецазда Европаялъул чемпионаллъун рахъун рукIараблъи.





ДандчIваялда спорталъул ишалъе жалго кьуралъухъ гIолилазе кьуна ХIурматалъул грамотаби, гIарцулал сайгъатал. Гьенибго гIахьаллъана волейболалъул рахъалъ тIаса бищараб командаялъул член, нилъер ракьцояй ХIалимат МухIамадзагьидовнаги.

ДандчIваялда кIалъалаго ГI. НурмухIамадовас абуна: «Гьадинал гвангъарал, ишалъе ракI кьурал гIадамазул кумекалдалъун букIине буго район борхалъуда. КIудияб баркала загьир гьабула, нужее, тIадегIанал хIасилазухъ ва абила: кIочонге ва цIуне Россиялъул къадру. Гьарула, нужее, гьениса бергьенлъабигун тIад руссин»,-ян. Гьединалго кIалъаял гьаруна дандчIваялда гIахьаллъаразги.

ГIахьаллъана бетIерасул замал С. АрулмухIамадов, М. ХIамзатов, спорталъул рахъалъ специалист М. МухIамадов, гIолилазул отделалъул нач. А. МухIастанов, СМИялъул хIалтIухъаби.

Спортсменазги жидедего гьабураб божилъиялъухъ баркала загьир гьабуна нухмалъулезе. Цадахъ рахъана суратал.

**Ахихъан**

*Районалъул газета*

*№ 30 (7326)*

*19 июль 2018 сон*

2 гьумер

**ВНИМАНИЕ: СРОЧНО!**

ФГБОУ ВО «Дагестанский государственный аграрный университет имени М.М. Джамбулатова» объявляет приём студентов для получения высшего образования по программам подготовки бакалавров, специалистов и магистров. Для получения необходимой информации по интересующему вас вопросу обращайтесь по адресу;
367032, г. Махачкала, ул. М. Гаджиева, 180. Тел.: 68-24-61, 8(929) 866-81-46, 8(928) 876-62-77, сайт вуза: www.дагГАУ.рф

Спорт

# ТIад калам гьечIеб бергьенлъи



Китаялъул халкъияб республикаялъул Хэнань провинциялъул Чжэнчжоу шагьаралъул округалда I4 июлалда букIана бои без правил профессионалияб матш-реванш. Гьениб нилъер ракьцояв ХIажимурад ГIабдулаевас бачIинахъего 20 секундалда къванивуна Китаялдаса данде вугев ва тIад калам гьечIеб бергьенлъи босана, вахъана ММА версиялъул чемпионлъун.

РакI-ракIалъ баркула гIолилаcда гьайбатаб бергьенлъи. Божарал руго гьеб ахирисеб батунгутIиялда. Риччанте хадурккунги дур спортивиял бергьенлъаби гIемерлъизе!

Нужеда рагIун букIанищ?

## Гималаялда база гьабулеб буго

**(Гималаялъул мугIрузул ахалъиялда гIумро гьабулел ургъалилъе ккун руго рорхатал цIорол мугIрузда тIаде НЛОял рачIунел рукIиналъ)**

Кидагосеб гьезул рачIиналъ ургъел чIвазабун буго Индия-лъулгун Китаялъул гIорхъабазда хъулухъ гьабулел рагъухъабаздаги. ЧIахIиял батIи-батIиял кьераз сардилъ кенчIолел цилиндраз цIорол мугIрузда хIинкъараб ахIвал-хIал гьабулеб буго. Цо-цо мехалъ битIухъего ракьулъан гIадин зодоре роржун



рачIуна чIахIиял, лъаббокIоналъул гIадал НЛОял. Цо-цо мехалъ гуми гIодорегIанги рачIуна ва цIикIкIараб хехлъиялда уна росабазда тIасан.

Гьаб ахирияб I,5 сонида жаниб гьеб районалда геологазда данчIвана гIемерал гIажаиблъи гьабизе бегьулел жал. Пикру бачIана прищельцаз хIажатабщиналъул база гьабулеб бугин Гималаялъул рикIкIадал районалъул ракьалда абун. Гьелъие нугIлъи гьабулеб буго Индиялъул вертолеталдасан районалда хадуб халкколезги. ГIемерго борхалъудеги рахинчIого гьез хал кколеб буго Гималаялда тIад кколелда хадуб. Гьенир рукIунел радиопомехаз бицуна хIинкъараб зонаялде щун рукIин. Гьездаса къвинчIого хIинкъун руго Китаялъулалги. Роржунел тарелкабазда хадуб халги ккун, Китаялъул командованиялъ Индиялъул гIорхъоде рехана танказул бригада. Амма гIорхъоде гьезие нух къана цебе гьениб киданиги букIинчIеб кIудияб хIоралъ. Дагьабго заманалдасан гьеб гIажаибго тIагIунги ана. Бицен буго пришельцаз цIорол мугIрул риинарулел ругин.

Космосалъул цIех-рех гьабулез рикIкIунеб буго хIакъикъаталдаги пришельцаз Гималаялда база гIуцIун бугин. Гьеб буго 3000 метралъ борхалъуда ва сверун ккун буго Гималаялъул бищунго рорхатал мугIруз.

Динияб темаялда

# РецIизе какал ругони

ГIемерал рецIизе какал тIад ругев чи вугони, гьесда сордо-къоялъул чара гьечIеб жоялъе къваригIунеб заман хутIун кинабго хIалхьиялда вугеб заман гьел какал рецIиялъе буссинабизе тIалъула, жеги суннатаб какалъецин минутал хвезаризе ихтияр гьечIо гьесул.

Кинаб бугониги бецIулеб какалъе бихьизабураб заман гьечIо, боголил как къалъуда, къалъул боголида, бокьараб как бокьараб заманаялъ бецIизе бегьула, амма цебе борчIараб цебе, хадуб борчIараб хадуб бецIун тартиб цIунизе суннатаб буго.

Цо-цо иман загIипал гIадамаз санагIат ккечIиланги абун цIакъ бигьаго хутIизе тола как ва гьесда лъалеб жо, жиндие как теялъе гIузру бугилан ракIалдеги ккола. Аллагьу ТагIалаяс тIад лъураб фаризаяб как балугъав, гIакъилав чиясдасан, унтун кIоларого вугилан, каки чуризе лъимги гьечIеб, таямумалъе ракьги гьечIеб, гIаврат бахчизе ретIел гьечIеб бакIалда жанив тIамунилан яги гьев хIобода къиблаялдехун мугъгун кварица вухьунилан тIаса кколеб жо гьечIо. Сордо-къоялъул щуябго какалъе рихьизарурал гIужаздасан щибаб гIуж тIаде щвараб мехалъ балугъав, гIакъилав чиясда Аллагьги, Гьес тIад лъурал фарзги ракIалде щвезе тIалъула ва как гьес бажараб хIалалда бала.

Как базе кIолареб хIалалда вугони, черх багъаризабизе кIолареб хIал бугони, гьес ру кугI сужда гьабила бетIер къулизабиялдалъун, суждаялъе рукугIалдасан бетIер дагьаб цIикIкIун къулизабула. ГIакълуялдаса ватIалъун гьечIевгIан заманаялъ балугъав чиясдаса фаризаяб как тIаса унаро.

**«Иршадул гIаввам».**

# ГIисинго кье лъималазе тарбия

Лъимер, эбел-инсухъе цIунизе кьураб, къимат жавгьар гIадаб жо буго. БацIцIадаб ракIалъул, жеги щибго жо жаниб хъублъиялъул инчIеб, лъимадул рекIелъ жаниб бокьараб жо лъугьинабизе бегьула, гьеб гьетIизабизе бегьула бокьани лъикIаб рахъалде, бокьани квешаб рахъалде. ЛъикIаб жо гьабизе лъимал гьесизаруни, гьелде гьеб ругьунлъула ва талихIабги лъугьуна, дунялалдаги ахираталдаги. Гьелдалъун гьелъие щвараб кири цо къадаралъ гьелъие тарбия кьурал эбел-инсуеги щола. Лъимер квешаб жоялде ругьунлъани, гьелъ гьабулеб къваригIел гьечIеб жоялъул милатги гьабичIого тани, гьеб хадубккун гIенеккулареб, квешаб бахъуна, хадуб гьелъул гIумроги гIадада хола. Квешаб лъугьараб лъимералъ гьабураб хIакъалъул цо бутIа эбел-инсуе щола.

ТIадегIанав Аллагьас абунги буго: «Нужеца нужгоги хъизан-лъималги цIадудаса цIуне»,-ян. Дунялалда жиндирго лъимер цIадудаса цIуниялдасаги кIвар бугеблъун буго ахираталда гьеб жужахIалъул цIаялдаса цIуни. Эбел-инсуца гьитIинаб къоялдаса нахъего кIвар кьезе ккола лъималазул гIамал-хасият лъикIаб букIинабизе.

Гьел бокьа-бокьараб жо гьабизе риччачIого чIезаризе, гогьдаризаричIого тезе, квешал лъималазде аскIоре риччачIого тезе, бечелъиялде гьезул рокьи бачIинабичIого тезе. Гьедин лъимал риччан тани кIудиял гIураб мехалда, гьел кквезеги кIоларо, бокьа-бокьараб гьабизеги лъугьуна, эбел-эменги



гьез гIодизарула.

Лъималазда хадуб хал кквезе ккола гьезда гIакълу щвезе байбихьараб мехалдаса нахъе.

Абу ГьурарайтIидасан бачIараб хIадисалда Аварагас (с. т. гI. в.) абулеб буго: **«Нужер цонигияс жиндирго вацасде ярагъ битIизабуге. Гьесда лъаларо гьесда кодоса гьеб шайтIаналъ борчIизабизе бегьулеблъи. Гьеб мехалъ гьев живго цIадул гондиниве ккезеги бегьула».**

**(Бухари, Муслим)**

# Гьереси бицине бегьулел бакIал

Лъан букIа, гьереси бицине гьукъараб буго, гьелъ гIадамасе зарал гьабулеб букIиналъ. БукIуна гьереси бициналдалъун пайда кколеб бакIги. Масала, битIараб бицани, гIадамасул би гьеб бициналдалъун гIодобе тIолеб бугони, тушманасдасаги гьев чи вахчунги вугони, гьединаб бакIалда гьереси бицине тIадаб буго. Рагъда ругеб бакIалда цо хасаб мурад тIубаялъеги гьеб бицине бегьила, кIиго тушманлъиялда ругел гIадамал рекъезаризеги гьереси бицине бегьула, рослъади рекъезариялъе, гьезул гIумро рукIалиде ккеялъеги гьереси бицине иху буго. Гьеле гьединал чара къосарал бакIазда цIакъго рес къотIараб хIалалде иш ккараб мехалъ, гьереси бициналъе нух буго.

КIудияб гьересилъун рикIкIуна макьилъ бихьичIеб жо бихьана абун гьерсал рицани. Цо хIадисалда Аварагас (с. т. гI. в.) абун буго: **«ХIакъикъаталдаги, кIудиял гьерсаллъун руго чияс жиндир гурев вас, гьав вас вугин абиги, макьилъ бихьичIеб жо бихьанин абиги, Аварагас (с. т. гI. в.) абичIеб жо, гьес абунилан абиги»,-ян.**

**«Иман лъурал гIадамазе насихIатал»**

* * *

**«Къиямасеб къоялъ хIетIе багъарилалде инсанасда ункъго жоялъул гьикъулила: гIумру кин хвезабурабилан, гIолохъанлъи щиб гьабулаго арабилан, боцIи кин тIалаб гьабурабин ва кибе харж гьабурабилан, гьединго гIелмуялда гIамал кин рекъезабурабилан».**

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 30 (7326)*
*Хамиз*
*19 июль 2018 сон*



**Поступают первые заявки на участие в конкурсе «Мой Дагестан»***

В первый же день после объявления *врио Главы РД Владимиром Васильевым* начала нового кадрового конкурса *«Мой Дагестан»*, на официальный электронный адрес конкурса поступило огромное количество заявлений, анкет, документов.

Однако организаторы обращают внимание, что для участия в конкурсе *необходимо зайти на сам сайт конкурса по адресу: http://мой.дагестан2018.рф ,* скачать анкету, ознакомиться с образцом ее заполнения, приложить эссе, и уже этот комплект направить на электронный адрес конкурса.

Напомним, управленческий конкурс «Мой Дагестан» проходит в республике по инициативе врио Главы Дагестана Владимира Васильева.

Прием заявок будет осуществляться *до 29 июля включительно*.

# О направлениях государственной поддержки, предусмотренных, рамках Государственной программы РД «Социально- экономическое развитие горных территорий РД на 2014-2018 годы»

В Республике Дагестан реализуется Государственная программа Республики Дагестан «Социально-экономическое развитие горных территорий Республики Дагестан на 2014-2018 годы» (далее- Госпрограмма), утвержденная постановлением Правительства Республики Дагестан от 7 ноября 2013 года №572.

В целях реализации мероприятий Госпрограммы создана необходимая нормативно- правовая база.

В текущем году Минэкономразвития РД планируется поддержка первоочередных мероприятий Госпрограммы по следующим направлениям:

- субсидирование строительства малогабаритный теплиц;
-реализация инвестиционных проектов по созданию гибких современных мини- перерабатывающих производств и строительства логистических (оптово-распределительных) центров хранения продукции;
-внесение в уставной капитал лизингодателя средств для приобретения техники (в том числе малогабаритной), оборудования (в том числе маломощного) перерабатывающих производств в целях обеспечения ими населения горных территорий с учетом основных видов и объемов производимой продукции.

В конкурсном отборе могут принять участие товаропроизводители, осуществляющие производственную деятельность в горных территориях Республики Дагестан, соответствующие критериям, утвержденным постановлением Правительства Республики Дагестан от 15 августа 2016 года №245.

Вся необходимая информация о Госпрограмме размещена на официальном сайте Минэкономразвития РД **(http://www.minec-rd.ru)** в разделе «Развитие горных территорий Республики Дагестан».

# Врио Главы Республики Дагестан В. Васильев объявил о начале нового кадрового конкурса «Мой Дагестан» на пресс-конференции в Махачкале



12 июля в Доме дружбы в Махачкале (Белый зал) состоялась пресс-конференция, посвященная старту кадрового конкурса «Мой Дагестан». Временно исполняющий обязанности Главы Республики Дагестан Владимир Васильев анонсировал начало конкурса и старт сбора заявок на участие в нем, рассказал о новом проекте, его целях и задачах.

Конкурс «Мой Дагестан» проводится по инициативе врио Главы Дагестана Владимира Васильева Правительством Республики при поддержке всероссийской автономной некоммерческой организации «Россия — страна возможностей».

В пресс-конференции приняли участие руководитель блока оценочных мероприятий Павел Безручко, председатель Наблюдательного совета конкурса, председатель Совета старейшин при Главе Республики Дагестан Абдулла Магомедов и лауреаты регионального кадрового конкурса, который завершился в 2018 году.

Павел Безручко рассказал о схеме и этапах отбора, используемой методике и сроках проведения конкурса «Мой Дагестан», а Абдулла Магомедов — о значении и миссии Наблюдательного совета конкурса.

Конкурс «Мой Дагестан» поможет объединить проактивных участников, которые смогут сформировать новую высокопрофессиональную управленческую среду для эффективного решения проблем, стоящих перед Республикой.

Талантливые руководители нужны Дагестану во всех сферах деятельности. По итогам конкурса ожидается замещение руководящих должностей в таких важных для Республики сферах, как государственное и муниципальное управление, здравоохранение, образование, транспорт, энергетика и строительство.

**Справка:**

«Мой Дагестан» — кадровый конкурс, целью которого является отбор высокопрофессиональных руководителей, способных эффективно работать на благо Республики. Финалисты конкурса войдут в кадровый резерв Республики Дагестан и получат шанс дальнейшего трудоустройства в органы власти и организации Республики.

«Россия — страна возможностей» — это открытая платформа, которая осуществляет отбор, экспертизу и поддержку проектов, направленных на обеспечение работы эффективных и справедливых социальных лифтов. Проектная платформа рассчитана на перспективных управленцев, предпринимателей, молодых профессионалов, волонтеров и школьников.

Сайт конкурса — мой. Дагестан 2018.рф Адрес приема заявок — **priem-kmd@e-dag.ru**

Пресс-секретарь конкурса: Мария Блохина **+7(916)533-73-54 maria.bloxina@gmail.com**

Контакт для СМИ:

Юрий Гамзатов **+7(915) 533-33-34**

# Поддержим проект «100 школ»!

По поручению врио Главы Республики Дагестан В. Васильева в республике был разработан Проект «100 школ», который предполагает привлечение средств на ремонт сотни учебных заведений.

Цель проекта: улучшение материального состояния общеобразовательных организаций, а также сокращения количества школ, размещенных в ветхих и аварийных зданиях.В список участников этого проекта с нашего района вошли Араканская и Ашильтинская СОШ.

Так из республиканского бюджета РД предусмотрено выделение каждой школе средств в объеме 2 млн рублей, с частичным софинансированием (не мене 5% от общих затрат) из бюджета муниципального образования.

Но для реализации проекта в полном объеме этого недостаточно. Требуется дополнительное финансирование (не менее 15% от общей стоимости) такое как: безвозмездное поступление от юридических лиц, индивидуальных предпринимателей и физических лиц – меценатов.

Уважаемые друзья! Образование играет ключевую роль в жизни каждого из нас. А ее уровень является неотъемлемой частью вклада в процветание и благосостояние нашей с вами района. Мы призываем вас не оставаться в стороне и принять участие в реализации общереспубликанского проекта «100 школ». Мы рассчитываем на вашу поддержку!

Окажем активную поддержку подрастающему поколению!

По всем вопросам содействия по реализации проекта обращаться в приемную администрации МО «Унцукульский район» по телефонам: **55-60-06 и 55-62-78.**

# Поздравляем с победой




Накануне, в г. Москва состоялся Чемпионат мира по джиу-джитсу по версии ACBjj. В Чемпионате уроженец Унцукульского района Нажуев Мурад Магомедхабибович стал чемпионом мира в весовой категории 85 кг в дивизионе пурпурных поясов.

Мурад Нажуев родился 27 июня 1985 года в селении Унцукуль Унцукульского района. Учился в средней общеобразовательной школе п. Шамилькала. В 2002 году окончил школу и поступил в Дагестанский государственный университет.

Спортом он интересовался с самого детства, еще в шестом классе записался в секцию вольной борьбе.

Мурад Нажуев Чемпион Дагестана по спортивной борьбе грепплинг 2016 года, неоднократный победитель всероссийских и международных турниров по грепплингу, обладатель двух чемпионских поясов по грепплингу 2017 годов, призер мира по Джиу-джитсу 2017 г., чемпион Европы 2017 г., чемпион мира 2018 г.

Поздравляем нашего земляка с безусловными победами! Будь всегда лидером, достигай максимальных высот, развивайся и не останавливайся на уже достигнутом. Уверены, у тебя впереди еще много побед. Удачи тебе на жизненном пути и во всех начинаниях.



# Поэзиялъул гьумер

*(РагІи - ансадерил шагІир ГІайшат Малачиевалъе)*



## ХІажат букІинчІо

Гьадинаб рахІатни хІажат букІинчІо-
ХІалтІиги тІагІараб, гІелмуги къураб,
Гьаб эркенлъийилан ургъун рукІинчІо-
Нич-яхІ бичичІого бечелъулареб.
Гьадинаб гІумройин гІадан кІалъанищ-
ГІаданлъи хвечІого хвасарлъулареб?
Гьаб дуниял абун чи лъугьанадай-
Чилъи бухІичІесул рухІ борчІулареб?
ЦІиял ханзабазе хурзал рекьулел
Рекьарухъабазда бихьулареб мухь.
Гьезул кІалгІабазе къадал рорхулел
Къадахъаби гьечІищ ракъун хвезехьин.
Улка бичаразда орденал рараб
Пачалихъ бихьулищ гьезий хьатчІвалеб?!
ХІукумат бикьидал къимат борхидал,
ГІакилзабийилан цере ккун гьечІищ?!
Дин бичанин руго гаргалел цоял,
Биччаларин бачІеб как дир хутІичІо.
ХІежалде нух рагьи, рахІму батила,
ХІеж цІунун хьвадулел гІемер рихьичІо.
Метералде кинаб ракІчІей букІинеб
«Дир милициялъ дун цІунун гьечІони?!»
ГІумруялде щибун божи гьабилеб,
Гьаб хІукуматалда хІалхьи гьечІони.

## Къадру борханищ?

Илбисалъ ахІулеб вахІшилъиялде
Икрам гьабун унел руго гІолилал.
Махщеллъун босараб такъсирлъиялде
МукІурлъун руссунел руго кьерилал.
Купруялда рукІун какил бицунез
Бецщлъизабун буго жагьилаб гІалам,
Бикъараб гурони рикъзи лъачІеца
Вакъизавун вуго вацІцІадав инсан.
Иман чорхолъ гьечІел исламияца
Дин бичунги буго чед балагьулеб:
Аллагьасул Калам – Зодилаб Къуръан
Бизнессалде буго сверизе гьабун…
Бечелъи ххалевищ вукІарав МахІач,
КІалгІаби ралевищ вихьарав Шамиль?!
ВатІанияб рагьда гІумро кьураца
Банкалищ рагьарал, рибайищ ккураб?!
Умматин ахІулев Аварагасул
Ирсилазе кьезе ракьищ батараб?!
Напс кІодо гьабулел гьал чакъалазул
Къадруйищ борхатаб халкъалдасаго?!

## ХутІиладай дун

ТІерхьунеб буго бакъ, хадуй балагьун
Хиялазда йиго хутІун жакъаги:
Жеги гьадал чІорал чІваладай дида,
Цинги рогьинегІан хутІиладай дун?
РукІкІун унеб буго къасиги сордо,
Суалазде йиго цІалей гьанжеги:
Цойги бихьиладай талихІаб рогьел,
Метерги баладай гьайбатаб хьахІлъи?
МаркІачІул цІвайица цІуниладай дун
Рогьалил цІвайида данде ч1вазегІан?
ЦІорораб моцІроца хьихьиладай дун,
БухІараб бакъуца хинлъи кьезегІан?
Кида вачІаниги ятиладай дун
Дуе бакун тараб канлъиги цІунун?
Дур рокьи кантІидал кватІилариц мун,
Дунял тун арай дун йохизайизе?!



## РагІуда мун божани

КІваричІилан абуна,
КІвар бугониги, дица…
Вокьун гьечІилан чІчІана,
Рокьул хІал бакІлъаниги.
МацІалъ гурин абураб
РакІалъ уйин ахІана,
Огь, бахчун хутІулареб
ГьитІинабцин бальгольи:
Дица тІупун танагІан,
ГІадамаца гьурщана,
КІалалъ щиб бицаниги,
Бераз дун къватІий чІвана.
Рагьун абизе кІвечІеб
КочІодалъун щущана,
КІутІбуз щуризе кІвечІеб
Къалмиде тІамун тана…
РагІуда мун божани,
ГІадада ина гІумро,
РекІеде валагьани –
Гьениб лъала хІакъикъат.

## «Рокьи ккечІел рачІа диван къотІизе»

Дунги дир рокьиги гъвалие чІвалеб,
ЧІухІун гаргадуге, дир Аваристан!
ШагІирлъи бичІчІулев чи ватулареб,
Тезе щай тІамулей дун гьаб Дагъистан?!
Цебе босаниги сурун ятулин,
Сабруялъул кьокьлъи къватІиб чІвагеги!
Сас къотІун таниги, турун тІагІунин,
Тавбу биххун божи жагъаллъугеги!
Дир рагІуда гІакІа букІинин ккани,
«ГІищкъу гьечІел рахьа гІайиб гьабизе»!
Цинги дир рухІалда хІакъ чІелин тани,
«Рокьи ккечІел рачІа диван къотІизе!».
Дун-Саба-Меседо, сибирь бихьизе,
Бугьараб магІарде гІунизе йитІе!
Цойги ГІанхил Марин, гІазаб цІикІкІине,
ГІищкъул бицунеб кІал букизе яче!
Гурони, дир рокьи гъвалие чІвалеб,
ЧІухІун гаргадуге, дир Аваристан!

ШагІирлъи бичІчІулев чи ватулареб,
Тезе щай тІамулей, дун, гьаб Дагъистан?!

## ГІакъилав

Мун гІакълуялъулгун гьудуллъи ккурав,
ГІакълу цІубачІей дун, дуе бегьилищ?
Дун ракІалъ малъухъе гІумро бачуней,
Дир рокьиялда мун восизе кІвелищ?
ГІакълуялда гьикъун къо тІамулев мун
Дир рукъ бухІаниги, балагьиларо.
Рокьул ахІиялъе икрам ккурай дун
Дур ургъелалъ унтун, ярагьинаро.
ЦІалкІулъун басараб ракІ цІилъичІого
ЧІаголъи гьабулищ гьаб дунялалда.
Черхалде хІал ккараб бухІи свинчІого
ХІетІалда яхъунищ нахъеги ракьда.
Рии гьелегьараб, хасел бугьараб
Гьаб дир гІумроялъул магІна гьечІолъи.
Дунялги бихьарав, хІалхьиги гІурав
ГІанчІав гьудуласе ургъел бигьалъи.
Дир рекІеца ахІун, ахІуд вахьарав,
АхІичІелъухъейищ гьоболлъухъ инев?
Дур рокьуца гьарун, гьудул лъугьарав,
Вокьулареддайищ гьардезе вугев?
ГІакъилав, гІакълулъун рикІкІинадай дур,
Мунго вокьулелъулъ рокьукълъун чІани?

## Ракьалъ киндай хІехьола

Мажгитал рагьанагІан
Ригьунарел гІадамал,
Мадрасал цІикІкІанагІан
ЦІилъулареб цІияб гІел.
Какде ахІулев будун,
Квешлъиялде унеб халкъ.
ВагІза гьабулев дибир,
ГІассилъиялда гІалам.
Унго, гьабщинаб квешлъи
Киндай ракьалъ баччула?
Щибундай гьаб вахІшилъи
ХІехьон бугеб дунялалъ?!
ХІилла гьорлъа камураб
Калам рагІулеб гьечІо,
ХІарамлъиялда гуреб
Даран гІуцІулеб гьечІо.
Коммунистал какизе
Капурзаби рачІана,
Патриотал мерхьине
Мафиозал рахъана…
Унго, гьабщинаб квешлъи
Киндай ракьалъ баччула?!
Щибундай гьаб вахІшилъи
ХІехьон бугеб дунялалъ?!

* * *

Берал рукІаралани
Йихьилаан дуда дун.
РакІ дуда бугебани,
Йокьилаан дуе дун.
Мун канлъукъав ватани,
Къеда квер чІван, вилълъанхъе,
Дур гІакълу батичІони,
Лъавукъазул рокъов а!
БатичІони, гьаб рокьи
Бихьулаpевлъун чІоге!
Гурони, дир гьаб бухІи
БичІчІулаpевлъун хІаге!


| Газета основана 1937 г. УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района. Главный редактор КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА | Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД. Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г. Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. | Адрес редакции: 51373 Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3 Телефон редактора 89896522856 sadovoduns@yandex.ru 398940 | Адрес издателя и типографии г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21. Подписано в печать - 18. 7. 18 г. 15. 20 фактически -16. 45 мин. Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках. Тираж - 1000 экз. |
|---|---|---|---|